

Ti Biznis yo ak Asirans Sante

Kredi nan Taks pou Swen Sante pou Ti Biznis yo Kapab Ede Ou Achte Asirans Sante pou Anplwaye Ou yo

Lwa sou Swen Sante Bon Mache (Affordable Care Act) te kreye yon nouvo kredi nan taks pou ede ti biznis yo ofri asirans sante pou anplwaye yo.



Kisa Kredi nan Taks pou Swen Sante pou Ti Biznis yo ye?

Li pèmèt kèk ti biznis reklame yon kredi nan taks jiska 50% pri asirans sante anplwaye yo.

Pou ti biznis ki gen egzanpsyon fiskal, kredi a kapab rive jiska 35% epi li ranbousab. Sa vle di ti biznis ki pa komèsyal ou pa bezwen gen responsablite taks sou revni pou jwenn avantaj la.

Èske mwen kapab reklame kredi sa a?

Anjeneral, yo kapab reklame kredi a nan biznis ki komèsyal ak biznis ki pa komèsyal ki:

- Gen **mwens pase 25 anplwaye ak salè mwayen ki apeprè \$50,000 dola oswa mwens** (sof salè tout pwopriyetè yo).
 - Anjeneral, pwopriyetè yo pa konsène lè y ap kalkile kantite anplwaye ak salè mwayen pou biznis lan. Epitou, kantite anplwaye yo baze sou “ekivalan yo atanplen” (FTE). Sa vle di de (2) anplwaye mwayen tan ta dwe egal a yon anplwaye atanplen.
- **Peye omwen mwayen pri asirans sante a pa mwa**; epi
- Ofri pwoteksyon asirans avèk **Mache Asirans pou Ti Biznis nan NY State of Health ki anba kontwòl Eta New York**.

Kredi a disponib sou yon echèl varyab avèk kredi a ki elimine lè yon patwon gen 25 anplwaye oswa lè salè mwayen an se apeprè \$50,000 dola oswa pi plis.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou refòm nan swen sante ak sou kredi nan taks pou swen sante pou ti biznis yo, ale nan sitwèb NY State of Health nan nystateofhealth.ny.gov oswa rele nimewo 1-855-355-5777.





Kijan pou mwen reklame kredi a?

Ou kapab reklame kredi nan taks sa a nan deklarasyon taks sou revni anyèl ou avèk **Fòm 8941 IRS** ki tache a (Ti biznis ki gen egzanpsyon fiskal yo dwe ranpli yon **Fòm deklarasyon taks 990-T** pou yo reklame, menmsi yo pa gen obligasyon pou deklare taks sou revni yo).

Anplwaye ou yo pa gen pou peye taks nan kotizasyon yo fè nan pwoteksyon asirans yo.

Èske mwen kapab pran avantaj kredi nan taks menmsi mwen pa gen okenn responsablite pou peye taks sou revni?

Wi, ou kapab transfere kredi nan taks ou **annaryè** epi itilize li pou konpanse responsablite taks sou revni ou dwe ane anvan an oswa **ou kapab transfere kredi nan taks ou annavan** pou konpanse responsablite taks sou revni ou dwe sou pwochen 20 ane yo. Kredi a **ranbousab** pou biznis ki gen egzanpsyon fiskal.

Èske mwen kapab jwenn nenpòt rediksyon nan taks pou ofri asirans sante?

Wi, tout biznis yo reklame yon **dediksyon nan taks sou revni pou pri asirans sante pou anplwaye yo**. Se yon depans ki “òdinè ak nesèsè” pou biznis lan.

Lè ti biznis ki kalifye yo melanje 2 kalite rediksyon nan taks, yo kapab reklame **kredi nan taks sou swen sante** pou apeprè 50% depans yo epi, pou rès depans yo, **yo kapab mande yon dediksyon**. (Ou pa kapab reklame yon dediksyon pou 100% depans asirans sante ou si ou mande kredi nan taks sou swen sante tou.)

Kijan mwen kapab konnen kantite lajan yon kredi mwen kapab mande?

Ou ta dwe pale avèk konseye fiskal ou oswa avèk kontab ou pou konnen kijan kredi nan taks la ka efikas pou ou.

Answit, Mache Asirans pou Ti Biznis nan NY State of Health gen yon kalkilatè nan sitwèb li ki ba ou yon estimasyon kredi a anvan ou aplike. W ap jwenn li nan seksyon “Employer” sitwèb la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kredi nan taks pou swen sante, ale sou sitwèb IRS: irs.gov/uac/Small-Business-Health-Care-Tax-Credit-Questions-and-Answers.

Dènye modifikasyon: 03/2016

NYC Human Resources Administration Office of Citywide Health Insurance Access bay fèy done sa yo pou enfòmasyon sèlman. Tanpri kontakte konpayi asirans ou, koutye asirans ou, konseye taks ou, oswa otorite kontwòl eta a pou konprann dwa ak responsablite ou yo. Pou asire gen konfòmite avèk egzijans Règleman Trezò Etazini enpoze, n ap fè ou konnen nenpòt konsèy fiskal Etazini ou kwè ki endike nan kominikasyon sa a (ansanm ak nenpòt dokiman siplemantè) pa la oswa pa ekri pou ou itilize, epi ou pa kapab itilize li pou (i) evite sanksyon anba Kòd Internal Revenue oswa (ii) pou fè pwomosyon, pou fè maketing, oswa pou fè rekòmandasyon ba yon lòt moun nenpòt tranzaksyon oswa afè ki endike nan kominikasyon an.